



LKPD

BAHASA JAWA

KELAS 2 SD/MI



Nama :

No Absen :



BY GATIET ELVIDANIEL BAPTISTA, S.Pd

**GLADHEN
WULANGAN 5**

Kanggo nggarap soal wacanen kanthi permati!

NATA OMAH

Rini : Dhik, ayo resik-resik lan nata omah kareben tumata.

Bima : Iya, mbak. Ayo bebarengan nata omah mumpung dina minggu. Dadi wektune rada longgar.

Rini : Aku nyaponi kamar paturon, bale, lan pawon. Kowe nyapu latar lan nyirami kembang ya!

Bima : Iya, mbak. O... iya yen wis rampung nyapu lan sulak-sulak, mengko jobine dipel bebarengan ya.

Rini : Jebule pinter tenan adhiku. Ning ngati-ati yen nyirami adenium sing isih cilik alon-

alon bae! Disiram nganggo semprotan cilik kuwi bae ya!

Bima : Iya... mbak, wis ta! Ayo enggal reresik omah!

Rini : Yen omahe wis tumata rapi lan resik, Bapak Ibu mesthi rena penggalihe.

Pilihèn wangsulán kang bener!

1. Sapa sing lagi kerja bakti nata omah?
 - A. Rini
 - B. Bima
 - C. Rini lan Bima
2. Rini kebagian ngresiki apa?
 - A. taman lan latar
 - B. nyirami kembang
 - C. nyapu kamar lan pawon
3. Dene Bima bagean nindakake apa?
 - A. nggawe taman
 - B. nyiram kembang
 - C. nyapu kamar lan pawon
4. Kapan anggone Rini lan Bima resik-resik omah?
 - A. saben dina
 - B. dina minggu
 - C. sabena awan
5. Yen omahe wis tumata rapi lan resik, Bapak Ibu mesthi rena penggalihe. Rena tegese
 - A. sumpek
 - B. seneng
 - C. susah

6. Ing latar ngarep omah apike ditanduri

- A. suket
- B. pari
- C. kembang

7. Ing pekarangan buri omah apike ditanduri....

- A. suket
- B. pari
- C. woh-wohan

8. Ing pekarangan sekolah apike ditanduri

.....

- A. suket
- B. woh-wohan
- C. kembang

9. Ing sawah apike ditanduri

- A. suket
- B. pari
- C. kembang

10. Ing pinggir dalan apike ditanduri

- A. suket
- B. pari
- C. wit-witan

